

Tès Depistaj Glikoz Pandan Yon Èdtan nan Klinik Obstetrik (Obstetric, OB) la

Ohio State Obstetrics and Gynecology
nan McCampbell Outpatient Care

Konsènan tès sa a

Ou pral fè yon tès ki rele yon tès depistaj glikoz pandan yon èdtan. Tès sa a detekte nivo sik nan san ki wo pou fè tès depistaj dyabèt pandan gwosès la, yo rele li dyabèt jestasyonèl. Tout moun ki ansent k ap resevwa swen nan klinik sa a fè tès depistaj pou detekte nivo sik nan san ki wo nan yon moman ant 6yèm ak 7yèm mwa gwosès la.

Dewoulman tès la

Pou tès sa a, y ap ba ou yon bwason dous. Aprèsa ou dwe tann 1 èdtan anvan yo pran echantiyon san ou pou detekte nivo sik nan san ou. Ou pa ka manje ni bwè anyen pandan èdtan sa a, jiskaske yo pran echantiyon san an. Epitou, pa fimen oswa chike chiklèt.

W ap tann swa nan sal egzamen an oswa nan sal datant lan pandan èdtan sa a.

Ou dwe fè tès ou a nan _____.

Tanpri raple manm pèsonèl yo lè moman an pwòch.

Rezilta tès yo

Nivo sik nan san nòmal pandan gwosès se 134 oswa mwens pou tès sa a. Si nivo sik nan san ou plis pase 134, y ap kontakte ou. W ap bezwen fè plis tès pou wè si w gen dyabèt jestasyonèl.

Resous sa a se pou bay enfòmasyon sèlman. Pale ak founisè swen sante w la si w gen nenpòt kesyon sou swen ou.

Pou plis edikasyon, kontakte Bibliyotèk la pou Enfòmasyon sou Sante (Library for Health Information) nan 614-293-3707 oswa health-info@osu.edu.

One Hour Glucose Screening at the OB Clinic



THE OHIO STATE
UNIVERSITY
WEXNER MEDICAL CENTER

Ohio State Obstetrics and Gynecology
at McCampbell Outpatient Care

About this test

You will have a test called a one hour glucose screening. This test checks for high blood sugar to screen for diabetes during pregnancy, called gestational diabetes. All pregnant people getting care at this clinic are checked for high blood sugar sometime between their 6th and 7th month of pregnancy.

Having the test

For this test, you will be given a sweet drink. You must then wait 1 hour before a sample of your blood will be drawn to check your blood sugar level. You cannot have anything to eat or drink during this hour until your blood is drawn. Also, do not smoke or chew gum.

You will either wait in the exam room or the waiting area for this hour.

Your test is to be done at _____.

Please remind the staff when it is close to this time.

Test results

Normal blood sugar during pregnancy is 134 or less for this test. If your blood sugar is more than 134 you will be contacted. You will need more testing to check if you have gestational diabetes.

This resource is for informational purposes only. Talk to your healthcare provider if you have any questions about your care.

For more education, contact the Library for Health Information at 614-293-3707 or health-info@osu.edu.

© 2008 – January 7, 2026, The Ohio State University Wexner Medical Center